# Жеңимпазлар мүнәсип сыйлықланды

Қарақалпақстан Республикасының волейбол бойынша қызлар сайланды командасы «Универсиада-2020» спорт жарысларында жеңимпаз болып,  пүткил дүнья жүзлик универсиадасы  менен Азия чемпионатына жолламаны қолға киритken болса, 2021-жылдың 6-март ҳәм 11-март күнлери аралығында Ташкент ўәлаятында 2008-жылда туўылған жас өспиримлер арасында Футзал бойынша «Спорт мектеплер футбол лигасы» Өзбекстан чемпионатында Қарақалпақстан Республикасы 1-орынды ийелеп чемпионлар атағына еристи.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Усы мүнәсибет пенен волейболшы қызлар ҳәм жас футзалшыларды Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы М.Камалов ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығы Қ.Сариевлар қызғын қутлықлап, оларға буннанда жоқары шыңларға жетисиўин тилеп, жәҳән чемпионатларында ўатанымыз абырайын мүнәсип қорғаўына исеним билдирди.

Илажда жас спортшыларымызға Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң алғыснамасы ҳәмде естелик саўғалар тапсырылды.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети